

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Hirup kumbuh manusa di alam dunya moal lepas tina karya sastra sabab sastra jadi sarana pikeun hiburan sarta atikan. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Horace ngeunaan fungsi sastra *Dulce et utile* nyaéta pikeun ngahibur jeung méré mangpaat pikeun manusa (Teeuw, 2017, kc.5). Kalungguhan karya sastra raket patalina jeung kahirupan manusa, lantaran konflik jeung kajadian-kajadian di jerona loba nu ngangkat fakta jeung pangalaman hirup manusa nu ditambahku ku unsur fiksi. Semi (2012, kc.92) nétélakeun karya sastra narima pangaruh ti masarakat, sakaligus mampuh méré pangaruh pikeun masarakat. Sastra ogé gedé mangpaatna pikeun budak hususna budak rumaja sangkan boga pangaweruh anu anyar, sabab pangaweruh téh teu ngan saukur dicangking ku pangalaman sorangan wungkul, tapi bisa ogé ngaliwatan pangalaman batur anu diréka-réka ngaliwatan tulisan.

Hakékatna karya sastra mangrupa hasil rékaan pangarang anu diadumaniskeun jeung pangaweruhna kana réalitas kahirupan manusa. Karya sastra anu diciptakeun ku pangarang teu ngan saukur rékaan anu maké kamahéran nulis wungkul, tapi pangarang nyieun karya sastra sabab miboga tujuan nu hadé, nepi ka éta karya sastra téh nyangking ajén nu luhur. Ku kituna, karya sastra réa ajén-inajén nu gedé mangpaatna pikeun kahirupan. Salah sahijina ajén atikan karakter anu geus teu ahéng saupama nyampak dina karya sastra, da saéstuna karakter téh geus jadi sipat alami manusa. Saluyu jeung pamadegan Lickona (dina Wibowo, 2012. kc.32) yén karakter mangrupa pasipatan alami hiji jalma dina ngarépson hiji kaayaan ku paripolah anu hadé, jujur, tanggung jawab, jeung paripolah mulia anu séjénna.

Héngkérna ajén moral jeung ajén atikan karakter budak jaman kiwari geus teu aneh deui saupama dipadungdengkeun, utamana mah budak rumaja anu keur sagala hayang apal, keur sagala hayang dicobaan sarta loba nu sok ilibiung kana pasualan anu ngalibeutkeun sakola séjén nepi ka aya istilah *Tawuran*. Éta hal

alatan kurangna pangaweruh, ayana pangaruh ti lingkungan sarta alatan jaman anu sagala geus modern, kamajuan téknologi sarta kurangna *filterasi* di kalangan rumaja. Geus loba cara anu dipaké pikeun ngalelempeng ieu pasualan salah sahijina ngaliwatan karya sastra. Saluyu jeung guna karya sastra salaku pangwangun ajén kamanusaan, dina karya sastra loba amanat nu di tepikeun ku pangarang boh amanat langsung atawa teu langsung anu ngawengku ajén moral jeung ajén atikan karakter. Ayana ogé unsur-unsur kamanusaan kayaning ajén sosial jeung ajén moral dina carita bisa dijadikeun tetekon pikeun kolotna dina numuwuhkeun ogé ngajaga karakter anu hadé pikeun budakna (Sari, 2018. kc 2).

Isnéndés jeung Ucu (2013. kc 92) nétélakeun yén sifat, sikep, karakter, jeung paripolah ngahiji dina moralitas masarakat Sunda. Karakter anu dimaksud nyaéta silih tulungan, saayana, toléran, surti, pengkuh kana agama, gedé wawanénna, tanggung jawab, sarta soméah. Ieu hal ogé dijéntrékeun ku Kementrian Pendidikan Nasional (Kemendiknas) yén aya 18 ajén-inajén atikan karakter, nyaéta 1) *Religius*, 2) *jujur*, 3) *toleran*, 4) *disiplin*, 5) *kerja keras*, 6) *kreatif*, 7) *mandiri*, 8) *demokratis*, 9) *rasa ingin tahu*, 10) *semangat kebangsaan*, 11) *cinta tanah air*, 12) *menghargai prestasi*, 13) *bersahabat dan komunikatif*, 14) *cinta damai*, 15) *gemar membaca*, 16) *peduli lingkungan*, 17) *peduli social*, jeung 18) *tanggung jawab* (Listyarti, 2012. kc. 5-8, dina Isnendes, 2013, kc. 89) Karakter dina karya sastra bakal katitén tina tokoh-tokoh anu dihirupkeun ku pangarang, contona dina wangun karya sastra novel jeung novelét. Novel mangrupa prosa rékaan nu ngawujud lalakon (naratif), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (kompléks). Ku kituna, novel mah bisa midangkeun rupa-rupa tokoh, kajadian, laluasa ngagambarkeun latar, jeung teleb ngahirupkeun karakteristik tokoh, novel jeung novelét sarua wangenanna nu ngabédakeunna nyaéta novelét mah leuwih pondok ukuranna batan novel (Isnéndés, 2010. kc. 39).

Disawang tina pamacana, novel dina sastra Sunda bisa dipasing-pasing jadi tilu rupa, nyaéta: 1) novel barudak; 2) novel rumaja; jeung 3) novel déwasa. Nilik kana papasingan novel, objék nu rék ditalungtik téh nyaéta novelét rumaja. Novelét anu rék ditalungtik nyaéta novelét rumaja anu judulna *Jamparing* karya sastrawati sunda Chyé Rétti Isnéndés.

Chyé Rétty Isnéndés pituin urang Nagrak-Sukabumi Lahir ping 02 Désémber. Chyé geus nulis ratusan sajak, puluhan carpon, jeung tilu novelét, carbung, cerdubag, certibag, jeung éséy anu geus loba medal dina majalah jeung koran sunda. Diantarana Kujang, Galura, Pikiran Rakyat, Bandung Pos, jeung Manglé. Buku kumpulan sajakna nyaéta Kidang Kawisaya diterbitkeun ku Girimukti Pasaka, Jakarta, taun 1999. Dilélérl hadiah Sastra Rancagé taun 2000. Dina éta buku aya 102 sajak (1994-1998). Nu Nyuksuk dina Sukma Sukma diterbitkeun ku Daluang Press, Bandung, taun 2010. Dina éta buku aya 80 sajak (1996-2010), tina éta dua buku aya sawatara sajak anu dimusikalilasasikeun. Buku anu patali jeung akademik Kajian Sastra: Aplikasi Teori jeung Kritik pada Karya Sastra Sunda jeung Indonesia (2010) Lian ti éta, sawatara karya sastra Chyé bacacar dina antologi-antologi (Sunda jeung Indonesia) jeung dina mdia masa liana. Sawatara karya sastra dimuat dina antologi : Sajak Indonesia Emas (1995), Bunga yang Berserak (1999), Sajak Sunda dalam Dua Bahasa (Sunda-Indonesia-Inggiris-Prancis) (2002), Mun Dunya Bisa Nyarita (2005), Heulang nu Ngajak Bengbat (2005), Kembang Kadenda (2009), Berlian (2013), jeung Katumbiri (2013).

Novelét *Jamparing* euyeub pisan ku ajen atikan karakter anu diperlukeun pikeun ngadidik budak rumaja jaman kiwari dijerona nyaritakeun pangalaman budak SMP anu tangtu keur kaalaman ku saumuran SMP. Sakumaha anu geus ditegeskeun yén karya sastra téh mangrupa sarana atawa média nu ngagambarkeun rupa-rupa hal anu aya dina pikiran pangarang. Upama pangarang rék nepikeun ajén-ajén karakter dina karyana, data-data atawa informasi nu diébréhkeun asalna bisa ti jalma lian atawa pangalamanana sorangan. Ngaliwatan tokoh-tokoh jeung unsur séjenna, pamaca dipiharep bisa nyangking amanat ti éta carita. Pangarang ngusahakeun sangkan nu maca mampuh nyangking éta ajén-ajén tur bisa ngalarapkeuna dina kahirupan nu saenyana, Jeung deui dina karya sastra téh nyangkaruk rupaning ajén-ajén kahirupan.

Kiwari budak rumaja saeutik pisan anu minat macana gedé téh. Nurutkeun Leonhardt (dina Saleh, 2006, kc. 45) faktor nu jadi kasang tukang kurangna minat maca nya éta : 1) buku-buku bacaean langka nu bisa ngirut budak rumaja, 2) beuki jarang kolot nu daék pangdongengkeun ka budakna. Padahal ieu téh

Nadia Ayu Permani, 2021

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVELÉT JAMPARING KARYA CHYÉ RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL RUMAJA DI SMP KELAS IX
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kabiasaan nu dilakukeun kolot baheula, 3) pangaruh televisi kurang ngarojong barudak pikeun maca buku tapi jadi betah lalajo, 4) harga buku beuki mahal, 5) taman bacaan haratis nu miboga koleksi buku lengkep jeung ngirut masih kurang. Éta faktor téh kudu jadi pikiraneun balaréa hususna lembaga atikan. Ku kituna, ieu panalungtikan dilaksanakeun, sangkan bisa nyontoan karakter nu hadé sarta pikeun nuwuuhkeun karep maca barudak.

Dina pangajaran basa aya nu disebut kaparigelan basa, salah sahijina maca. Nurutkeun Haerudin jeung Suherman (2013, kc. 1) kaparigelan basa sunda diwangun ku opat aspék, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Éta kaparigelan téh mangrupa kamahéran gémbrelleng, teu bisa dipilah-pilah deui. Hiji jalma dianggap ngabogaan kaparigelan basa lamun geus parigel ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita.

Faktor penting dina prosés maham karya sastra nyaéta maca. Tapi, Nurutkeun Suryaman jeung Utorodewo (2006, kc. 45) budaya maca di Indonesia kurang pisan. Saupama ditilik tina kabiasan maca, Indonesia aya dina rengking katilu ti handap. Hasil UNESCO ngaliwatan *Program for International Student Assessment* (PISA) taun 2003 (Pertiwi, 2012, kc. 2) nunjukkeun yén kaparigelan maca barudak Indonesia dina umur 15 taun ka luhur, aya dina urutan ka-39 tina 41 nagara.

Nurutkeun hasil tina Indonesia National Assesment Program di taun 2016 nu dilaksnakeun ku Pusat Penelitian Pendidikan (Puspendik) Kementrian Pendidikan jeung Kebudayaan ngébréhkeun data yén rata-rata nasional distribusi literasi dina kamampuh maca peserta didik di Indonésia nyaéta 46,83% aya dina kategori kurang. Ngan 6,06% aya dina kategori baik, jeung 47,11% aya dina kategori cukup (Kemendikbud, 2017). Ku kituna, salah sahiji cara pikeun ngungkulun ieu pasualan téh ku ayana pangajaran maca di sakola.

Pangajaran maca teu saukur ngajarkeun maca artikel atawa warta, tapi ogé kagiatan maca sastra. Ieu hal luyu jeung nu ditepikeun ku Suryaman jeung rachmat (dina Pertiwi, 2012, kc. 1) kagiatan nyastra miboga udagan pikeun ngaronjatkeun kasurtian siswa dina ngapresiasi karya sastra, milih bacaan nu miboga kualitas pikeun ngaronjatkeun kapribadian sarta karakter siswa jeung pangajaran sastra lain ukur ngawanohkeun sastrawan jeung karyana, sarta maca

jeung maham karya, tapi nepi ka kagiatan apresiasi. Siswa dipiharep ngajén jeung nepikeun pamadeganana kana karya sastra nu geus dipikawanoh, dibaca, jeung dicangkemna.

Novelét anu hadé pikeun dibaca nyaéta novelét nu bisa diala mangpaatna sarta dicurahan amanat nu nyangking di jerona pikeun picontoeun nu macana, saluyu jeung Koswara (2013, kc. 13) nu nétélakeun yén karya sastra mangrupa bagian tina seni nu miboga ciri mandeg mandiri, artistik, kaéndahan, kajujuran, kaaslian, jeung ajén bebeneran dina ngahontal udagan kahirupan manusa anu wijaksana. Hartina karya sastra nuduhkeun manusa pikeun mikir leuwih jero maham kana maksud anu dikedalkeun ku pangarang neuleuman ajén-inajén kahirupan dina eusi karya sastra.

Novelét tangtu miboga struktur atawa unsur-unsur pangawangantha sorangan nu ngajadikeun éta novelét hiji karangan anu miboga maksud sarta udagan. Stanton (2012. kc. 22) ngabagi struktur jadi tilu unsur: téma, fakta carita (galur jeung plot, tokoh jeung penokohan, katut latar), jeung sarana carita (puseur carita jeung gaya basa, kaasup judul).

Novelét *Jamparing* téh nyaéta novelét nu ngandung ajén-ajén atikan karakter nu hadé tur pantes pikeun jadi bahan bacaan. Tuluy di reuah-reuah dina bedah buku ping 27 Pébruari di UPI Bandung, judulna *Jamparing* (2012), pikeun bacaeun siswa SMP jeung SMA. Jadi ieu novelét alus pisan pikeun diguar dina ieu panalungtikan.

Salah sahiji tarékah pikeun ngawanohkeun ieu novelét nyaéta ngaliwatan média pangajaran di sakola, salah sahijina ngaliwatan pangajaran maca novelét rumaja. Sakumaha anu katitén dina KIKD (Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar) taun 2017 mata pelajaran basa Sunda kelas XII SMP/MTs, aya matéri ngeunaan novel rumaja. KIKD mata pelajaran basa Sunda mangrupa program pikeun mekarkeun pangaweruh, kaparigelan basa, jeung sikep positif kana basa jeung sastra Sunda.

Aya sababaraha karya ilmah anu ngaguur ngeunaan ajén atikan karakter dina karya sastra di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda (DPBS) UPI nyaéta: (1) “Kumpulan Dongéng Sasakala Talaga Warna pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP (Tilikan Struktural jeung Pendidikan Karakter)” ku Evi Rahmawati taun

Nadia Ayu Permani, 2021

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVELÉT JAMPARING KARYA CHYÉ RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL RUMAJA DI SMP KELAS IX
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2014, (2) “Ajén Atikan Karakter dina Novel *Carita Budak Minggat* Karya Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)” ku Nisa Nurazizah taun 2016, (3) “Ajén Atikan Karakter dina Novel *Putri Subanglarang* Karya Yoseph Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ulikan Struktural)” ku Citra Sela taun 2019, (4) Tésis ti Wanty Aprilliyanti (Tésis) nu judulna “Struktur Carita jeung Ajén Karakter Tokoh dina Buku-buku Sastra anu Dilélé Hadiyah Samsudi pikeun Bahan Atikan Karakter di Sakola jeung Program Gerakan Literasi Sekolah (GLS)” taun 2019, (5) Panalungtikan dina bahasa Indonesia nu ditalungtik ku Sinta Dewi Candrawulandari (Skripsi) dijudulan ”Kajian Psikologi Sastra dan Nilai Pendidikan Karakter dalam Novel *Genduk* Karya Sundari Mardjuki Serta Relevansinya dengan Materi Pembelajaran Sastra di SMA” taun 2017, jeung (6) Disertasi ti Réty Isnéndés nu judulna “Struktur dan Fungsi Upacara Ngalaksa di Kecamatan Rancakalong Kabupaten Sumedang dalam Perspektif Pendidikan Karakter” taun 2013.

Katiten dina sababaraha panalungtikan diliur can aya nu ngaguar atikan karakter dina novelét *Jamparing* kikituna ieu panalungtikan dijudulan “Struktur jeung Ajén Atikan Karakter dina Novelét *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel Rumaja di SMP Kelas IX”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah dina ieu panalungtikan ditulis dina wangu pananya.

- 1) Kumaha struktur carita novelét *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés?
- 2) Naon waé ajén atikan karakter nu aya dina novelét *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan novelét *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés pikeun bahan pangajaran maca novel rumaja di SMP kelas IX?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum anu baris dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaraksa jeung ngariksa sastra Sunda, maluruh sarta mikanyaho hasil analisis struktur jeung ajén atikan karakter novelét *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés

Nadia Ayu Permani, 2021

STRUKTUR JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVELÉT JAMPARING KARYA CHYÉ RETTY ISNENDES PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL RUMAJA DI SMP KELAS IX
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sarta larapna novelét *Jamparing* pikeun bahan pangajaran maca novel rumaja di SMP kelas IX.

1.3.2 Tujuan Husus

Sangkan leuwih jéntré tina tujuan umum di luhur, ieu di handap dituliskeun tujuan husus panalungtikan nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah. Tujuan hususna nyaéta:

- 1) nganalisis struktur carita novelét *Jamparing* karya Chyé Réty Isnendés;
- 2) nganalisis ajén atikan karakter novelét *Jamparing* karya Chyé Réty Isnendés; jeung
- 3) ngalarapkeun hasil panalungtikan novelét *Jamparing* karya Chyé Réty Isnendés pikeun bahan pangajaran maca novel rumaja di SMP kelas IX.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngajaga eksistensi novelét rumaja keur para nonoman Sunda ka hareupna. Lian ti éta, hasil tina ieu panalungtikan bisa dipaké tur ngawewegan widang paélmuan séjénnna hususna widang sastra.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi keur dunya sastra. Lian ti éta, ieu hasil panalungtikan téh bisa dipaké pikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di sakola.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun widang sastra, bisa leuwih mikawanoh jeung neuleuman kana karya sastra novelét rumaja;
- 2) pikeun widang atikan, bisa jadi bahan référénsi pikeun para akademisi dina nalungtik karya sastra hususna novel sarta nambahann pangaweruh dina mekarkeun bahan ajar di sakola; jeung
- 3) pikeun panalungtik, bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan ngeunaan panalungtikan sastra.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ka masarakat ngeunaan ajén karakter. Lian ti éta ku ayana karya sastra wangan novelét dipiharep ogé bisa méré hiburan keur masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Sedengkeun mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat tina isu jeung aksi sosial. Lian ti éta, dina pedaran Bab I medar ngeunaan raraga tulisan secara sistematis.

Bab II, eusina ngawengku tiori-tiori jeung konsép anu jadi dasar dina panalungtikan. Pedaranana ngeunaan tiori jeung konsép struktural, tiori sastra Ajén atikan karakter, sarta teori bahan ajar anu jadi péso pikeun ngajawab rumusan masalah.

Bab III, medar ngeunaan métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, sumber panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV, ngadadarkeun hasil analisis nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah, tujuan panalungtikan sarta tiori nu aya di bab II.

Bab V, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan. Lian ti éta aya implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.